



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU FÈ REPRESYON SOU
KONVÈTISÈ KATALIZÈ AK VÒL OTO**

***Mande Polis Eta pou ranfòse aplikasyon lwa yo, ogmante kowòdinasyon entè-eta,
ak fè patenarya ak fòs lòd yo nan zòn ki gen anpil vòl yo***

***Lejislasyon (S.9428/ A.1940-E) pou enpoze restriksyon sou acha, vant, posesyon
konvètisè katalizè yo***

***Li mande Gouvènman lokal yo pou jwenn aksè ak 20 milyon dola nan finansman
pou lektè plak imatrikilasyon, kamera siveyans, lòt teknoloji anti-vòl***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo mezi pou ogmante aplikasyon lwa entè-ajans yo pou lite kont vòl veyikil ak konvètisè katalizè yo nan zòn ki gen anpil vòl yo lè yo sible demontè veyikil, oswa "atelye demolisè" ki pa otorize epi ki ilegal. Gouvènè a te siyen tou lejislasyon (S.9428/A.1940-E) pou konbat vòl konvètisè katalizè yo, ki enpoze restriksyon sou acha, vant, ak posesyon konvètisè katalizè pa demontè veyikil yo ak pwosesè feray yo.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi n ap pran yon apwòch agresif, ki sible pou anpeche kriminèl yo vòlè konvètisè katalizè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vòl konvètisè katalizè yo te monte byen wo nan tout eta nou an ak nasyon nou an, epi aksyon konplè sa yo double efò nou yo pou kenbe Nouyòkè yo ak pwopriyete yo an sekirite, pwoteje kominote nou yo ak fè represyon sou krim yo."

Konvètisè katalizè yo se yon pati kle nan sistèm echapman yon machin, sa ki dekonpoze polyan tankou bwouya ki otreman ta dwe lage nan atmosfè a. Vòl konvètisè katalizè yo koute konsesyonè oto yo chè, ansanm ak piblik k ap kondwi a. Li ka koute yon konsesyonè 2,000 dola a 3,000 dola pou ranplase yon konvètisè yo vòlè li pou repare domaj yo koze sou chasi machin yon veyikil, liy gaz, ak liy elektrik yo nan pwosisyon yo.

Koperasyon ak aplikasyon lwa entè-ajans yo se kle pou rezoud pwoblèm sa a nan tout eta a. Yo mande Lapolis Eta New York ak Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York pou yo pwofite patenarya ki egziste deja ak fòs lòd

lokal, eta ak federal pou ogmante investigasyon yo ak fè represyon nan zòn ki gen anpil vòl yo. Ankèt sa yo souvan enplike operasyon vòl òganize ki travèse liy eta yo.

Nan Vil Nouyòk, Depatman Lapolis New York la okòmansman te rapòte ke vòl konvètisè katalizè yo prèske kwadriple an 2022. Te gen 5,548 vòl konvètisè katalizè nan vil la depi 14 out, an konparezon ak 1,505 vòl pandan menm peryòd la nan 2021.

Yo te rapòte Vòl konvètisè katalizè nan Konte Nassau a 248 pousan jiska prezan ane sa a. Genyen tou prèske twa fwa plis vòl konvètisè katalizè jiska prezan ane sa a nan Konte Suffolk. Selon rapò yo, ane pase a nan Konte Nassau, yo te vòlè 445 konvètisè katalizè, epi ane sa a yo te vòlè yon total 1,549 konvètisè. Nan Konte Suffolk, yo te vòlè 289 konvètisè an 2021 ak 819 jiska prezan ane sa a nan 2022.

Dapre Biwo Krim Asirans Nasyonal (National Insurance Crime Bureau) la, ki retrace krim yo rapòte bay konpayi asirans yo, kantite vòl konvètisè katalizè yo rapòte yo te ogmante apeprè 1,300 an 2018 a plis pase 52,000 an 2021 - yon ogmantasyon apeprè 1,215 pousan depi 2019.

Komisè Depatman Veyikil ak Motè Eta New York la, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nou te travay avèk dilijans sou plizyè aspè pou rezoud pwoblèm vòl konvètisè katalizè sa a. N ap travay sere ak patnè nou yo nan fòs lòd la ak endistri konsesyonè oto a pou adrese vòl sa yo nan distribye kit gravi yo. Nou te òganize epi n ap kontinye òganize konferans pou laprès atravè Eta New York pou sansibilize konsomatè yo epi edike yo sou fason pou pwoteje machin yo kont vòl sa yo."

Premye Adjwen Sipè-entandan Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Nou apresye sipò Gouvènè a nan rezoud pwoblèm sa a k ap grandi a. Lapolis Eta a angaje totalman ak patnè fòs lòd nou yo nan nivo lokal, eta ak federal, epi li angaje li pou bay resous ki nesèsè pou demantle òganizasyon kriminel yo ki responsab ogmantasyon vòl oto ak konvètisè katalizè yo."

Pwojè Lwa Vòl Konvètisè Katalizè a

Gouvènè a te siyen lejislasyon (S.9428/A.1940-E), ki amande Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an pou ajoute konvètisè katalizè kòm yon pati enpòtan nan veyikil, ki pral mande pou demontè machin yo kenbe dosye yo. Chak 60 jou, biznis sa yo dwe rapòte kantite konvètisè katalizè yo te resevwa pandan peryòd sa a. Si yo pa kenbe oswa pwodui dosye sa yo sou demann, se yon deli Klas A epi li ka gen ladan l penalite lajan ki rive jiska double kantite lajan yo te fè nan pran konpozan konvètisè yo swadizan vòlè yo. Anplis de sa, nouvo konsesyonè otomobil ak lòt konsesyonè ki kalifye yo pral oblije estoke kit gravi konvètisè katalizv yo pou mete yon nimewo seri inik sou konpozan yo pou yo ka retrace ankò yo si yo vòlè yo. Yo pral bay kit sa yo pa plis pase pri kit la li menm.

Senatè Eta, Diane Savino, te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Kolèg Asanble mwen an ak esponsò lejilasyon mwen an Madanm Asanble

Buttenschon, ak Senatè Addabbo ak Kennedy pou tout èd yo ak lejislasyon enpòtan sa a. Erezman, pifò moun pa bezwen konnen ki sa yon konvètisè katalizè ye - sof si ou eseye kondwi yon machin epi ou pa gen youn. Sa n ap fè isit la se fè represyon sou vòl konvètisè katalizè yo, mande pou konvètisè katalizè yo ke yo dwe ajoute nan lis pati pyès ke yo dwe rapòte, epi tou enpoze nouvo kontwòl sou machann metal feray yo, pwosesè feray yo, ak lòt moun, ak dilè itineran yo, pou nou ka rezoud pwoblèm sa a. Ankò, mwen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo pou lidèchip yo - sa a se yon pwoblèm nasyonal, e mwen fyè paske New York ap trase wout la pou anpeche vòl konvètisè katalizè yo."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen A 1940e jodi a ki pral bay lapolis ak DMV plis resous ak zouti pou pwoteje kominote nou an. Lejislasyon sa a pral asire yo kenbe dosye ak dokiman ki nesèsè pou konvètisè katalizè yo pou ede anpeche vòl yo revann materyèl yo."

Eric Tenner, viktim vòl konvètisè katalizè nan Huntington, te deklare, "Antanke yon viktim vòl konvètisè katalizè jis deyò lakay mwen, mwen fyè pou m kanpe ak Gouvènè Hochul pandan l ap ranfòse efò pou konbat pwoblèm sa a. Aksyon rapid sa a se egzakteman kalite lidèchip nou bezwen an, epi mwen rekonesan anvè tout moun ki te ede yo fè jodi a reyalize. Ansanm, nou ka ede kominote nou yo santi yo pi an sekirite ak plis sekirite."

Gouvènè a te anonse tou 20 milyon dola ki disponib pou ede depatman lapolis lokal yo ak biwo cherif yo investi nan nouvo teknoloji pou rezoud, diminye, ak anpeche krim. Nan mitan mwa desanm, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la pral chèche aplikasyon pou demann teknoloji, tankou lektè plak lisans, kamera siveyans mobil ak fiks, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon zam, ekipman entelijan pou patwouy machin ak ofisye, ak lòt kalite ekipman sekirite piblik. Pou enfòm akizisyon sa a, DCJS te fè yon demann enfòmasyon pou jwenn fidbak nan men depatman lapolis ak biwo cherif yo sou kalite teknoloji yo bezwen; ajans lan pral aksepte repons yo jiska 18 novanm 2022.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418